

Machin Taksi

TLC Anonse Opsyon Konsèvasyon Lisans Machin Taksi

Li ap an vigè tousuit Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York otorize Pwopriyetè Machin Taksi yo mete Lisans Machin TLC yo a “annatant” pou yon peryòd ki pa depase san katreven (180) jou. Yo pral mete lisans lan annatant atravè yon pwosesis “konsèvasyon” yo dekri pi ba a.

Èske ou kalifye?

- Tout moun ki gen lisans machin FHV ki gen plak TLC yo kapab mete lisans machin yo a nan konsèvasyon pandan jiska san katreven (180) jou. Lisans machin FHV ki nan konsèvasyon kounye a pral gen swasant (60) jou anplis, ki pral pèmèt lisans FHV a nan konsèvasyon pou yon total san katreven (180) jou.

Egzijans yo

- Fòm konsèvasyon TLC pwopriyetè machin yo oswa yon dirijan antrepriz ranpli.

Fason pou w mete lisans Machin Taksi TLC ou an nan konsèvasyon

1. Enprime epi ranpli [Fòm Konsèvasyon Lisans Machin](#) nan.

Telechaje, enprime, epi ranpli seksyon 1 ak seksyon 2 nan [Fòm Konsèvasyon Lisans Machin](#) TLC a.

2. Voye fòm konsèvasyon an pa imèl bay TLC, nan FHVStorage@tlc.nyc.gov.

Eskane epi voye fòm konsèvasyon TLC FHV la bay: FHVStorage@tlc.nyc.gov. Tanpri **pa vini nan Etablisman TLC ki nan Vil Long Island nan** pou w soumèt dokiman yo. Se sèl dokiman yo voye pa imèl y ap aksepte.

3. Estati lisans machin ak notifikasyon pa imèl.

Estati lisans machin ou an pa p aktif ankò, epi estati a pral chanje pou li vin “nan konsèvasyon”. Machin nan pa kapab fonksyone kòm taksi pandan lisans lan nan konsèvasyon. Apre san katreven (180) jou, y ap notifie ou pou retire lisans machin ou an nan konsèvasyon, sinon y ap dezaktive lisans lan.



Taxi & Limousine Commission

Remak: Akoz tranzaksyon fas-a-fas ki limite nan biwo DMV Eta New York yo, tanpri [klike la](#) oswa ale sou sitwèb DMV a, ki se <https://dmv.ny.gov>, pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou remèt plak TLC yo.”

Fason pou w retire lisans Machin Taksi TLC ou an nan konsèvasyon

Pou w retire lisans machin ou an nan konsèvasyon, tanpri suiv enstriksyon ki pi ba yo. Si w toujou gen plak TLC w yo / ou **POKO remèt plak TLC w yo** pandan lisans machin ou an nan konsèvasyon, tanpri suiv enstriksyon sa yo:

1. Ranpli seksyon 3 (seksyon retire nan konsèvasyon) nan fòm demann Konsèvasyon Machin Taksi a;
2. Mande koutye w la oswa konpayi asirans ou an yon sètifika asirans / responsablite ki ajou, ki gen dat aktyèl *yo bay li a* sou sètifika a.
3. Voye fòm demann Konsèvasyon Machin Taksi a ak sètifika asirans / responsablite ki ajou a pa imèl bay FHVStorage@tlc.nyc.gov;
4. Yo pral pran yon randevou pou fè yon enspeksyon vizyèl *pou resevwa nouvo viyèt TLC yo nan etablisman Enspeksyon TLC ki Woodside la.*

Si w **TE remèt plak TLC w yo** pandan lisans machin ou an nan konsèvasyon, tanpri suiv enstriksyon sa yo:

1. Ranpli seksyon 3 (seksyon retire nan konsèvasyon) nan fòm demann Konsèvasyon Machin Taksi a;
2. Mande koutye w la oswa konpayi asirans ou an yon sètifika asirans / responsablite ki ajou, ki gen dat aktyèl *yo bay li a* sou sètifika a.
3. Ranpli yon aplikasyon Transfè (ou dwe fè yon transfè plak pou resevwa nouvo plak TLC yo), [li sou paj sa a](#);
4. Voye fòm demann Konsèvasyon Machin Taksi a ak sètifika asirans / responsablite ki ajou a pa imèl bay FHVStorage@tlc.nyc.gov;
5. Yo pral notyfyè w pou di ou ki lè ou kapab pran yon randevou pou soumèt aplikasyon w lan nan biwo TLC ki nan Vil Long Island lan;
6. Vini nan randevou transfè w la nan biwo TLC ki nan Vil Long Island lan;
7. Yo pral pran yon randevou pou fè yon enspeksyon vizyèl *pou resevwa nouvo viyèt TLC yo nan etablisman Enspeksyon TLC ki Woodside la.*

Kesyon Moun Poze Souvan

- Tanpri li [Kesyon Moun Poze Souvan sou Opsyon Konsèvasyon Machin Taksi a](#) pou gen plis enfòmasyon.

Kesyon Moun Poze Souvan sou Konsèvasyon FHV – Pwosesis Aktyèl

1. **Kesyon.** Kijan pou m mete lisans lan nan konsèvasyon?

Repons. Ou pral bezwen enprime [Fòm Konsèvasyon FHV TLC](#) a sou Sitwèb TLC a epi ranpli seksyon 1 ak seksyon 2 a. Voye yon fòm ki ranpli epi ki siyen pa imèl bay FHVStorage@tlc.nyc.gov. Ou pral resevwa yon konfimasyon lè yo mete lisans machin ou an nan konsèvasyon.

2. **Kesyon.** Piske tranzaksyon biwo DMV yo limite, kijan pou m remèt plak TLC mwen yo?

Repons. Akoz tranzaksyon fas-a-fas ki limite nan biwo DMV Eta New York yo, tanpri klike [la](#) oswa ale sou sitwèb DMV a, ki se, <https://dmv.ny.gov>, pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou remèt plak TLC yo.

3. **Kesyon:** Èske mwen oblije mete lisans FHV mwen an nan konsèvasyon?

Repons: Non. Se oumenm ki ka chwazi mete lisans machin ou an nan konsèvasyon.

4. **Kesyon:** Èske mwen bezwen ale Woodside pou fè yo retire viyèt mwen yo?

Repons: Pou yo ka limite vizit fas-a-fas pandan pandemi COVID-19 la, ou pa bezwen vini nan etablisman TLC ki Woodside la nan moman sa a.

5. **Kesyon:** Èske m ap resevwa yon ranbousman nan men konpayi asirans mwen apre mwen fin remèt plak TLC mwen yo?

Repons: Avan ou remèt plak ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an pou w ka gen detay sou nenpòt ranbousman sou asirans ou ap atann.

6. **Kesyon:** E si plak mwen yo soti nan yon lòt eta oswa yo pèsonalize?

Repons: W ap bezwen kontakte biwo DMV lokal ou a pou w ka konnen kijan pou w fè pou remèt plak ou yo oswa konsève plak pèsonalize ou yo.

7. **Kesyon:** Èske TLC ap ranbouse mwen si mwen pa itilize lisans lan?

Repons: Non. Pa gen ranbousman pou frè TLC yo.

8. **Kesyon:** Èske gen yon frè TLC pou mete lisans lan nan konsèvasyon?

Repons: Pa gen okenn frè.

9. **Kesyon:** Kijan pou m notifie TLC si yo te retire viyèt mwen yo alòske mwen te ranpli fòm FHV TLC a?

Repons: Lè ou ranpli fòm konsèvasyon an, ou sètifye epi ou konfime ou te retire tout viyèt TLC yo sou machin w ap soumèt fòm konsèvasyon pou li a.

10. **Kesyon:** Pou konbyen tan mwen ka kenbe lisans mwen an nan konsèvasyon?
Repons: San katreven (180) jou.
11. **Kesyon:** Konbyen fwa mwen ka mete lisans FHV mwen an nan konsèvasyon?
Repons: Yon (1) sèl fwa.
12. **Kesyon:** Èske yo pral notifiye mwen lè san katreven (180) jou mwen yo fini?
Repons: Wi.
13. **Kesyon:** Kisa k ap pase si mwen pa retire machin mwen an nan konsèvasyon apre san katreven (180) jou yo?
Repons: Y ap dezaktive lisans ou an.
14. **Kesyon:** Kisa k ap pase si mwen sispann peye asirans lan?
Repons: Kontakte konpayi asirans ou an ak DMV nan eta kote yo te ba w plak yo pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki t ap pase si w te sispann peye asirans ou an.
15. **Kesyon:** Kisa k ap pase si mwen remèt plak mwen yo paske mwen pa te peye asirans mwen, epi mwen pa notifiye TLC?
Repons: Y ap dezaktive lisans ou an.
16. **Kesyon:** Èske Enskripsyon DMV ak plak TLC a bezwen rete aktif?
Repons: Enskripsyon DMV aktif la pa yon egzijans TLC pandan lisans machin lan nan konsèvasyon epi ou remèt DMV plak yo.
17. **Kesyon:** Èske asirans lan bezwen rete nan yon machin ki nan konsèvasyon?
Repons: Asirans lan pa yon egzijans TLC pandan lisans machin lan nan konsèvasyon epi ou remèt DMV plak yo.
18. **Kesyon:** Èske mwen ka retire lisans machin mwen an nan konsèvasyon avan san katreven (180) jou yo fini si mwen vle?
Repons: Wi. Ou ka retire machin ou an nan konsèvasyon nenpòt lè pandan san katreven (180) jou yo, men ou pa ka re-mete lisans machin lan nan konsèvasyon depi ou fin retire li.
19. **Kesyon:** Kijan pou mwen fè pou m retire lisans machin mwen an nan konsèvasyon epi resevwa nouvo viyèt TLC yo?
Repons: Pou w retire yon lisans FHV nan konsèvasyon, ranpli seksyon 3 nan [fòm konsèvasyon](#) an epi bay youn nan bagay sa yo: paj deklarasyon/sètifika responsablite ki gen dat yo bay li a ki ajou, oswa yon lèt kouvèti ki gen dat resan ki soti nan konpayi asirans lan ki di ki montan pwoteksyon an ye pou kounye a. Tanpri asire w limit asirans yo satisfè [egzijans minimòm TLC yo](#) ki sou sitwèb TLC a. Voye fòm konsèvasyon an ak



**Taxi & Limousine
Commission**

tout dokiman yo bay FHVStorage@tlc.nyc.gov. W ap resevwa yon konfimasyon lè yo retire lisans machin ou an nan konsèvasyon, epi yo pral pran yon randevou pou ou ale nan etablisman TLC ki nan Vil Long Island lan pou jwenn nouvo plak yo. Apresa, yo pral ba ou randevou pou yo fè yon enspeksyon vizyèl nan etablisman enspeksyon TLC a kote yo pral mete viyèt TLC yo sou machin lan.